

KHUTBAH IDUL FITRI 1443 H

**"TRADISI SUNKEM MINANGKA BEKTI DUMATENG
TIYANG INKGANG KEDAH DIPUN HORMATI"**

Disusun oleh:

Drs. KH.M. MUHSIN, MH

(Ketua Yayasan Perguruan Tinggi NU Batara Katong Ponorogo)

Diterbitkan:

**YAYASAN PERGURUAN TINGGI NAHDLATUL ULAMA
BATORO KATONG PONOROGO**

**KHUTBAH IDUL FITRI
TRADISI SUNKEM MINANGKA BEKTI DUMATENG TIYANG
INGKANG KEDAH DIPUN HORMATI**

Drs. KH.M. MUHSIN, MH

(Ketua Yayasan Perguruan Tinggi NU Batara Katong Ponorogo)

اللهُ أَكْبَرُ × 9

اللهُ أَكْبَرُ كَبِيرًا. وَالْحَمْدُ لِلَّهِ كَثِيرًا. وَسُبْحَانَ اللهِ بُكْرَةً وَأَصِيلًا. لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَاللهُ أَكْبَرُ. اللهُ أَكْبَرُ وَلِلَّهِ الْحَمْدُ.

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي أَعَدَّ لِلْمُحْسِنِينَ جَزَاءً حَسَنًا. وَرَفَعَ لَهُمْ عِنْدَهُ قَدْرًا وَشَأْنًا. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ شَهَادَةً وَإِقَانًا. وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ الْمَبْعُوثُ إِلَى الثَّقَلَيْنِ رَحْمَةً وَإِحْسَانًا.

اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ الْمُنَزَّلِ عَلَيْهِ الْقُرْآنُ تَبْيَانًا. وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ الَّذِينَ نَالُوا مِنْ رَبِّهِمْ مَغْفِرَتًا وَرِضْوَانًا.

أَمَّا بَعْدُ: فَيَا عِبَادَ اللهِ : أُوْصِيْكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللهِ وَطَاعَتِهِ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ. اتَّقُوا اللهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ. وَقَالَ اللهُ تَعَالَى فِي الْقُرْآنِ الْكَرِيمِ: ... وَبِالْوَالِدَيْنِ إِحْسَانًا وَذِي الْقُرْبَى وَالْيَتَامَى وَالْمَسَاكِينِ وَقُولُوا لِلنَّاسِ حُسْنًا ... [البقرة : ٨٢] صَدَقَ اللهُ الْعَظِيمُ

Ma'asyiral Muslimin, Rahimakumullah.

- Sumangga kita tansa muji syukur wonten ngarsanipun Allah SWT. ingkang sampun paring rahmat, taufiq lan hidayah dumateng kito sedoyo. Kaping kalhipun, sumangga kita sami

ningkataken taqwa dhumateng Allah SWT, kanthi tansah nindakaken dhawuhipun saha nebihi sedaya laranganipun.

Ma'asyiral Muslimin, Rahimakumullah.

- Kita nembe mawon medal saking wulan Ramadhan ingkang mulya. Wulan ingkang kebak berkah, wulan ingkang kebak pangapunten, wulan ingkang mulya menggahipun manungsa lan ugi wonten ngarsanipun Allah SWT. Gusti Allah SWT, paring pangapunten dhumateng kawula ingkang sampun ngebaki wulan Ramadhan kanthi ngatah-ngatahaken ibadah dhumateng Gusti Allah SWT. Wulan Ramadhan prayogi dipun wastani Wulan HABLUM MINALLAH, wulan ingkang ngiyataken sesambetan antawisipun hamba ingkang soleh kaliyan Allah SWT.
- Ing wekdal punika kita sampun mlebet ing wulan Syawal. Wekdal puniko kito sedoyo njangkepi amal sholeh wonten ing wulan Ramadhan, kanthi ngathah-ngathaken amal sholeh dumateng sesami, utaminipun dumateng tiyang sepuh, kanca lan sedulur. Inggih salah satunggalipun kanthi nindaaken tradisi sungkem.
- Sungkem mujudaken tradhisi kang wonten ing masyarakat kita, minangka cara anggenipun ngormati anak dumateng tiyang sepuhipun utawa anggenipun ngormati wong enom dateng tiyang ingkang langkung sepuh utawa cara anggenipun ngormati santri dumateng guru lan Kyainipun.
- Tradhisi sungkem ing masyarakat kita biyasanipun katindakaken dening anak dateng tiyang sepuhipun ing wekdal-wekdal khusus, upamane Idul Fitri, ingkang anggadahi maksud kanggo nyuwun pangapura lan ngormati kanthi ikhlas dateng tiyang sepuh. Kadhawuhaken wonten al-Qur'an : **Q.S. Luqman : 31 :**

وَوَصَّيْنَا الْإِنْسَانَ بِوَالِدَيْهِ حَمَلَتْهُ أُمُّهُ وَهْنًا عَلَى وَهْنٍ
وَفِصَالَهُ فِي عَامَيْنِ أَنْ اشْكُرْ لِي وَلِوَالِدَيْكَ إِلَيَّ الْمَصِيرُ
(لقمان : ١٤) .

"Lan Ingsun dhawuhake marang manungsa (supaya amal becik) marang wong tuwane loro; ing kono ibune wis ngandheg dheweke lemes lan kesel, lan nyusoni dheweke sajrone rong taun. Syukura

marang Ingsun (Allah) lan marang wong tuwamu, mung marang Ingsun (Allah) sira kabeh bakal bali". (Q.S. Luqman : 31).

- Ayat punika negesaken pentingipun lare anggadahi jiwa ingkang ageng kagem bersyukur dateng samukawis jerih payahipun tiyang sepuh utamane ibu.

Ma'asyiral Muslimin, Rahimakumullah.

- Penekanan kagem anggenipun ngormati anak dateng ibu, anggadahi porsi sing langkung ageng tinimbang sinten kemawon, kados sampun dipun ngendikaaken kanjeng Nabi Muhammad, ing sawijining Hadits, riwayat Al-Bukhari :

عَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ قَالَ، جَاءَ رَجُلٌ إِلَى رَسُولِ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ فَقَالَ يَا رَسُولَ اللَّهِ مَنْ أَحَقُّ النَّاسِ بِحُسْنِ صَحَابَتِي قَالَ أُمُّكَ قَالَ ثُمَّ مَنْ قَالَ ثُمَّ أُمُّكَ قَالَ ثُمَّ مَنْ قَالَ ثُمَّ أَبُوكَ .
(صحيح البخاري - ج 18 : ص ٣٦٣).

Diriwayataken saking Abu Hurairah, (Abu Hurairah) ngendika, ana wong teka marang Rasulullah lan takon, Wahai Rasulullah ... Sinten ingkang langkung pantes kagem dipun bektosi kanthi cara ingkang paling sahe? Kanjeng Nabi mangsuli: Ibumu. Lajeng sinten ? : Ibumu. lajeng sinten ? Ibumu, lajeng sinten ? bapakmu." (H.R. Bukhari).

- Kanjeng Nabi kaping tiga wangsulan ingkang sami, inggih punika ibumu; lan kaping sekawanipun, Kanjeng Nabi ngandika: bapakmu. Hadits niki jelas sanget negesaken yen pentinge ngormati ibu niku luwih dhuwur tinimbang sinteng mawon, kalebet dating bapak.

Ma'asyiral Muslimin, Rahimakumullah.

- Tradhisi sungkem ing masyarakat kita ugi kalebu tradisi ngormati tiyang ingkang langkung sepuh (senior). Lan punika penting, lan selaras kaliyah kateranganipun Kanjeng Nabi wonten ing Hadits:

عَنِ ابْنِ عَبَّاسٍ , قَالَ , قَالَ رَسُولُ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ : لَيْسَ مِنَّا مَنْ لَمْ يُوقِّرِ الْكَبِيرَ وَيَرْحَمْ الصَّغِيرَ وَيَأْمُرَ بِالْمَعْرُوفِ وَيَنْهَى عَنِ الْمُنْكَرِ. (مسند أحمد - ج 5 : ص ٢٤٦) .

"Diriwayataké saking Ibnu Abbas, Ibnu Abbas ngendika; Rasulullah SAW ngendika: dudu bagean saking kita, wong sing ora ngormati wong kang luweh tuwa lan ora welas asih marang wong kang luweh enom." (HR. Imam Ahmad).

Ma'asyiral Muslimin, Rahimakumullah.

- Wektu Idul Fitri uga kudah kagunakaken kagem sungkem dumateng guru lan Kyai minangka wujud pakurmatan dateng panjenenganipun sedanten.
- Sayyidina Ali Karromallahu Wajhah, ngendika menawa guru kang mulang aksara siji iku pantes nampa pahormatan saka muride sewu dirham, kados wonten ing geguritan :

لَقَدْ حَقَّ أَنْ يُهْدَى إِلَيْهِ كَرَامَةٌ . لِتَعْلِيمِ حَرْفٍ وَاحِدٍ أَلْفُ دِرْهَمٍ.

"Pantes banget, yen guru angsal pakurmatan, nalika mulang aksara siji kanthi nampa hadiah sewu dirham."

- Mug-mugi kita sedaya saged manfaataken riyaya Idul Fitri menika kagem sungkem dhumateng tiyang sepuh, sanak kadang, guru saha kyai kagem paring pahormatan saha nyuwun pangapunten. Mug-mugi Allah SWT paring pitedah dumateng kita sedaya, paring margi ingkang jembar, dunia lan akhirat.

• بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ وَلِسَائِرِ الْمُسْلِمِينَ بِآيَةِ الْقُرْآنِ الْكَرِيمِ. وَنَفَعَنَا وَلَكُمْ بِتِلَاوَتِهِ وَفَهْمِهِ وَبِحِفْظِ مَعَانِيهِ الْعَظِيمِ : أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ : وَالْعَصْرُ (1) إِنَّ الْإِنْسَانَ لَفِي خُسْرٍ (2) إِلَّا الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ وَتَوَاصَوْا بِالْحَقِّ

وَتَوَاصَوْا بِالصَّبْرِ (3). وَقُلْ رَبِّ اغْفِرْ وَارْحَمْ وَأَنْتَ أَرْحَمُ
الرَّحِيمِينَ . &&&

الخطبة الثانية لعيد الفطر.

الله اكبر 7 ×

الْحَمْدُ لِلَّهِ الْمُنْفَرِدِ بِالدَّوَامِ . الْبَاقِي بَعْدَ فَنَاءِ الْأَيَّامِ . الْمَوْجِدِ لِلْخَلْقِ
بَعْدَ الْعَدَمِ . الْمُفْنِي لَهُمْ بَعْدَ أَنْ ثَبَّتَتْ أَعْمَالُهُمْ فِي الصُّحُفِ كَمَا
جَرَى بِهِ الْقَلَمُ . الْعَالِمِ بِمَا انْطَوَتْ عَلَيْهِ أَسْرَارُهُمْ فِي الْحَالِ وَفِي
الْقَدَمِ . وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ شَهَادَةً عَبْدٌ
مُضْطَرٌّ إِلَيْهَا عِنْدَ زَلَّةِ الْقَدَمِ . وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ
أَرْسَلَهُ إِلَى أَكْرَمِ الْأُمَمِ . وَصَلَّى اللَّهُ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ
وَصَحْبِهِ وَسَلَّمَ.

وَبَعْدُ . فَاتَّقُوا اللَّهَ وَافْعَلُوا الْخَيْرَ وَاجْتَنِبُوا الْفَوَاحِشَ فَقَدْ فَازَ
الْمُتَّقُونَ. قَالَ تَعَالَى فَهُوَ أَصْدَقُ الْقَائِلِينَ : إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ
يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا
. اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ , وَجَمِيعِ
أَصْحَابِهِ وَاتَّبَاعِهِ الطَّاهِرِينَ أَجْمَعِينَ .

اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ ،
الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ ، اللَّهُمَّ أَصْلِحْ ذَاتَ بَيْنِنَا ، وَآلِفَ بَيْنِ
قُلُوبِنَا ، وَاجْعَلْ فِي قُلُوبِنَا الْإِيمَانَ ، وَثَبِّتْ أَقْدَامَنَا عَلَى مِلَّةِ
رَسُولِكَ مُحَمَّدٍ , وَانصُرْنَا عَلَى عَدُوِّكَ وَعَدُوِّنَا وَاجْعَلْنَا مِنْ
عِبَادِكَ الصَّالِحِينَ , بِرَحْمَتِكَ يَا أَرْحَمَ الرَّحِمِينَ . رَبَّنَا اغْفِرْ لَنَا
وَلِإِخْوَانِنَا الَّذِينَ سَبَقُونَا بِالْإِيمَانِ وَلَا تَجْعَلْ فِي قُلُوبِنَا غِلًّا

لِلَّذِينَ آمَنُوا رَبَّنَا إِنَّكَ رَءُوفٌ رَحِيمٌ . رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً
وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ.

&&&